

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Si Kabayan jeung Abu Nawas, dua palaku atawa tokoh dina karya sastra gerne prosa bodor anu geus hirup ti mangratus-ratus taun ka tukang. Sanajan kawilang geus kolot umurna, Si Kabayan jeung Abu Nawas salaku dua palaku dina karya sastra kapopuléranna teu pernah luntur ku jaman. Si Kabayan jeung Abu Nawas, dua tokoh *iconic* nu ngahirupkeun sastra dunya, hususna prosa bobodoran. Henteu baé dipikawanoh ku masarakat lokal tempat karyana sumebar, Si Kabayan jeung Abu Nawas lir sorot anu mampuh nembus cakrawala sastra dunya ngaliwatan caritana anu pikaseurieun, pinuh ku sindir sampir, tapi luhung ku ajén-inajénna.

Minangka prosa anu genrena bodor, unsur pikaseurieun dina dongéng Si Kabayan jeung carita Abu Nawas dipidangkeun ngaliwatan imajinasi-imajinasi pamohalan anu hirup dina karakter tokohna, saperti lugu, polos, belegug, jeung bodo katotoloyo anu kaleuleuwih, atawa karakter bodo anu nyaru pinter (Isnendes, 2010a). Ciri karakter tokoh anu nyaru antara pinter jeung bodo disebut *paradoks* (Sumardjo, 2015).

Minangka wangun sastra heubeul anu sumebar sacara lisan, dongéng Si Kabayan jeung carita Abu Nawas mekar nyaluyukeun jeung arus kasusastraan dunya. Dumasar kana artikel Durachman (2006) nyaéta “Cerita-Cerita Si Kabayan: dari Kelisanan Pertama ke Kelisanan Kedua”, dongéng-dongéng Si Kabayan mimiti dikumpulkeun ogé ditulis ku C.M Pleyte taun 1912 jeung dongéng-dongéng lianna. Anapon carita Abu Nawas, mimiti ditulis jeung dihimpun dina kitab basa Persia anu judulna *Hazar Afsanah* (Kisah Sarébu). Kitab *Hazar Afsanah* tuluy diterjemahkeun kana Basa Arab, judulna jadi *Alfu Lailah wa Lailah* ku Abu Abdillah bin Abdus Al-Jihsiyari (Khalid, 1998) atawa Abu Abdullah Muhammad al-Jihsiyari (Al-Jihsiyari, 2018) taun 942 M. Versi modern tina kitab *Alfu Lailah wa Lailah* kiwari leuwih dipikawanoh ku judul *Hikayat 1001 Malam* (Khalid, 1998).

Minangka hiji tokoh, Abu Nawas téh sabenerna mah lain ngaran asli. Ngaran asli Abu Nawas nyaéta Al Hasan bin Hani’, nu lahir taun 757 di désa Suug al-Ahwas, Kurdistan. Sedengkeun Abu Nawas sorangan mangrupa gelar. Lantaran

buuk Al Hasan bin Hani' téh galing, ku kituna manéhna dibéré gelar Nawas, nu sabenerna mah *Nuwas*.

Abu Nawas téh hiji tokoh nu kakoncara di dunya kasusastraan, utamana ngaliwatan sa'ir atawa sajakna. Sanajan caritana loba ditulis jadi dongéng, carpon, novél, sarta karya fiksi lianna, saenyana tokoh Abu Nawas mémang pernah hirup di jamanna. Pandangan anu ngarahkeun Abu Nawas jadi tokoh fiktif téh nyaéta sabada kisah-kisahna asup kana bagéan tina *Hikayat 1001 Malam*. Salian ti Abu Nawas, aya ogé tokoh-tokoh nyata séjén anu dicaritakeun dina buku *Hikayat 1001 Malam*, saperti Sultan/Khalifah Harun Al-Rasyid, Khalifah Al-Amin, Kaisar Kusraw II, jsb. (Al-Jihsiyari, 2018).

Dina caritana Abu Nawas kawéntar minangka tokoh anu bodor tapi wijaksana, sedengkeun di dunya nyata, sipat Abu Nawas téh éstuning paradoks jeung kontroversial. Abu Nawas hiji tokoh nu ngarti tur paham kana agama, tapi manéhna ogé anu ngarusak dirina tur méngpar tina katangtuan agama, inyana katelah ku tukang mabok jeung palaku prostitusi. Sanajan kitu, saméméh maotna Abu Nawas ninggalkeun hiji sa'ir nu jadi bukti tobatna ka Pangeran, nyaéta sa'ir *Al- 'Itiraf*. Nepi ka kiwari, sa'ir Abu Nawas masih mindeng didawamkeun. Di tatar Sunda sa'ir Abu Nawas téh leuwih dipikawanoh ku solawat atawa nadoman *Al- 'Itiraf*.

Abu Nawas minangka tokoh nu kungsi hirup di dunya nyata téh patukangtonggong jeung Si Kabayan anu saujratna mangrupa tokoh fiktif. Alesanna, lantaran can kapanggihna data atawa bukti lian anu *valid*, anu ngabuktikeun yén tokoh Kabayan kungsi hirup di kieuna, sanajan saenyana loba asumsi-asumsi anu nyebutkeun yén tokoh Si Kabayan téh asli, sarua jeung tokoh Abu Nawas.

Dumasar kana latarna, dongéng Si Kabayan jeung carita Abu Nawas diprédiksi miboga latar pajamanan nu sarua, nyaéta dina mangsa Islam geus asup ka lemburna séwang-séwangan. Ieu asumsi didadasaran ku kapanggihna kisah anu nyaritakeun Si Kabayan jeung kiai (dununganna) (Rosidi, 2009), sarta latar waktu ogé paguneman-paguneman dina carita Abu Nawas.

Latar carita jeung asal sumebarna dongéng Si Kabayan nyaéta di tatar Sunda dina hirup kumbuh di masarakat biasa, sedengkeun Abu Nawas hirup di Kasultanan

Sinta Juliana Yusup, 2023

BABANDINGAN DONGÉNG SI KABAYAN JEUNG CARITA ABU NAWAS (Ulukan Struktural Jeung Hermeneutik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Bagdad mangsa Dinasti Abasiyyah waktu dipingpin ku Khalifah Harun Ar-Rashid (786-803 M) nepi ka Khalifah Al-Amin (809-813 M) (Nizar, 2019). Bébédan latar tempat jeung waktu antara dongéng Si Kabayan jeung carita Abu Nawas méré gambaran budaya jeung citra karakter anu béda.

Abu Nawas miboga karakter nu pinter, wijaksana, jeung basajan. Nurutkeun Noor (dina Sumardjo, 2008) watek Abu Nawas ogé kadangkala digambarkeun boloho (*konyol*), bodor, sangeunahna, jeung kontrovérsial. Anapon karakter Si Kabayan sakumaha ceuk Sontani méh baé mirip jeung tokoh Arda Lépa jeung babaturanna dina libréto *Sangkuriang* anu unina kieu

Si mamang mo teu gumbira

da henteu ku naon-naon.

Si mamang mo teu gumbira

da puguh taya nanaon.

Hartina Si Kabayan téh nyaéta tokoh anu geus teu nanaon ku nanaon (Rosidi, 2009). Salian ti éta, Rosidi ogé nambahan yén Si Kabayan digambarkeun minangka tokoh nu kedul, bodo, tabé'atna goréng, tapi tuhu kana aturan. Anapon nurutkeun Moh. Ambri, Si Kabayan téh sanajan kedul tapi manéhna calakan jeung pinter dina ngomongna.

Anshoriyah (2004) nyebutkeun yén tokoh Si Kabayan teu bisa dibandingkeun jeung Abu Nawas. Si Kabayan dianggap saukur tokoh anu nuduhkeun persepsi palaku seni anu polos, jujur, bodor, jeung jauh tina dunya métropolitan, sanajan dongéng-dongéngna mah ngandung ajén moral jeung budaya kajujuran. Anapon Abu Nawas, dianggap minangka sastrawan anu polémis, vulgar, bombastis, kontrovérsial, jeung mampuh méré kritik sosial. Éta hal patukang tonggong jeung gambaran karakter Si Kabayan nurutkeun Isnéndés (2010a) anu pinuh ku sindir sampir, nuduhkeun ayana kritik sosial dina caritana.

Kritik sosial dina dongéng Si Kabayan upamana baé kapanggih dina dongéng anu judulna “Paréa-réa Omong” jeung “Ngadeupaan Lincar”, sedengkeun imajinasi-imajinasi pangarang anu ngagambarkeun paripolah mahiwal jeung ide-ide di luar batesan manusa bisa némbongkeun yén Si Kabayan ogé mangrupa tokoh nu bombastis, contona dina dongéng “Ngala Nangka”, “Nyingsieunan”, jeung “Dagang Nangka”.

Sinta Juliana Yusup, 2023

BABANDINGAN DONGÉNG SI KABAYAN JEUNG CARITA ABU NAWAS (Ulukan Struktural Jeung Hermeneutik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Di sagédéngeun ti éta, nurutkeun Hourgronye (Durachman, 2008) dongéng Si Kabayan téh bisa disebut puseur tina siklus dongéng bobodoran, lantaran nurutkeun Fang caritana ngalingkup sakabéh ciri dongéng bobodoran. Pamadegan Hourgronye jeung Fang ngeunaan dongéng Si Kabayan méré ma'na yén ayana sawangan nu positip kana dongéng Si Kabayan minangka hiji karya.

Sindir sampir ogé ajén-inajén nu luhung dina dongéng Si Kabayan jeung carita Abu Nawas saluyu jeung lingkungan tempat sumebarna masing-masing karya, tapi ngandung ma'na nu universal. Ku kituna, dongéng Si Kabayan jeung carita Abu Nawas némbongkeun maniféstasi sastra anu hadé minangka invéstasi paélmuan, hususna élmu moral jeung étika nu bisa dimangpaatkeun ku saha waé dina waktu anu teu kawatesanan.

Dongéng Si Kabayan jeung carita Abu Nawas réa ditransformasikeun kana rupa-rupa karya seni, saperti seni sastra, seni pagelaran, jeung seni rupa. Salian ti éta, dongéng Si Kabayan jeung carita Abu Nawas ogé geus remen dipaké pikeun bahan ulikan anu sipatna ilmiah. Contona baé artikel nu ditulis ku Khalid (1998) judulna “Mengenal Kisah Seribu Satu Malam” jeung “Abu Nawas (Intelektual dan Humanitas Puisi)” ditulis ku Anshoriyah (2004) nu medar carita Abu Nawas; disertasi Wijisman susunan taun 1929 anu judulna “Uilespiegel-Verhalen in Indonesia in Het Biezonden in de Soendalanden” (dina Durachman, 2006), *Manusia Sunda* anu ditulis ku Rosidi (2009), “Si Kabayan: Ulukan Sosial-Kultural” anu disusun ku Isnendes (2010) dina buku *Kajian Sastra, Paradoks Cerita-Cerita Si Kabayan* anu ditulis ku Sumardjo (2015).

Transformasi carita Abu Nawas kana wangun seni, di antarana: (1) alih basa, saperti kana basa Inggris, basa Indonésia, nepi ka basa Sunda, salasahijina buku *Abu Nawas Saémbara* (2013) anu ditulis ku Rachmat M. Sas. Karana; (2) ékranisasi, boh dina wangun film, boh dina wangun animasi. Salasahiji film nu midang di Indonésia nyaéta “*Abu Nawas*” (1953) anu disutradaraan ku Rd. Dadang Ismail (tina filmindonesia.or.id, 2010); (3) alih media anu jadi rupa-rupa bahan bacaan saperti jadi komik; sarta (4) pagelaran drama.

Transformasi tina dongéng Si Kabayan kana wangun seni ogé sarua lobana, ti mimiti alih warna kayaning robahna tina kasusastraan lisan jadi tulisan,

transformasi bentuk tina sastra lisan dongéng jadi wangun sastra lianna, alih basa, alih media, ékranisasi, animasi, jrd.

Transformasi dongéng Si Kabayan kana widang seni lianna: (1) dina wangun naskah, contona *Carita Si Kabayan* koléksi Snouck Hurgronje, *Dongéng-dongéng Kabayan* koléksi Snouck Hurgronje, jeung *Dongéng Si Kabayan* koléksi Snouck Hurgronje ditulis ku Ramawidjaja di Ciamis (Ékajati, dina Isnéndés, 2010a); (2) dina wangun prosa lianna, contona *Tales of Si Kabayan* (1975) susunan Murtagh John Murphy dipedalkeun ku Oxford University Press dina basa Inggris, buku kumpulan dongéng Si Kabayan dina *Pariboga* nu disusun ku C.M. Plete taun 1912, buku kumpulan carpon *Si Kabayan jadi Dukun* karya Moh. Ambri (1932), naskah drama *Si Kabayan* (1960) karya Utuy T. Sontani, kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa* (1966) karya Min Resmana, kumpulan dongéng *Jurig Kabayan* (1970) anu disusun ku Tini Kartini (Rosidi dina Isnéndés, 2010a), buku kumpulan dongéng *Si Kabayan* (2013) nu disusun ku M.O. Koesman, *Si Kabayan dan Beberapa Dongéng Sunda Lainnya* anu ditulis dina basa Indonésia ku Ajip Rosidi, *Si Kabayan Cerita Rakyat dari Jawa Barat* (2016) karya ku Mohammad Rizqi (basa Indonésia) dipedalkeun ku BPPB Kemendikbud, sarta rupaning tulisan sastra dina wangun carpon anu dikarang ku sastrawan-sastrawati Sunda jeung Indonésia dina buku-buku antologi, majalah, atawa pedalan lianna; (3) naskah skénario film *Si Kabayan Saba Kota*, *Si Kabayan dan Anak Jin*, *Si Kabayan dan Gadis Kota* (Isnéndés, 2010a) jeung *Si Kabayan Saba Metropolitan* anu ditulis ku Eddy D. Iskandar; *Si Kabayan jadi Milyuner* ditulis ku Cassandra Massardi; jeung *Si Kabayan* ditulis ku Bay Isbahi; (4) ékranisasi, di antarana: *Si Kabayan* (1975) disutradaraan ku Sofyan Sharna; film *Si Kabayan Saba Kota* (1989), *Si Kabayan Saba Metropolitan* (1992), jeung *Si Kabayan Mencari Jodoh* (1993) disutradaraan ku H. Maman Firmansjah; *Si Kabayan dan Anak Jin* (1991) disutradaraan ku Henky Solaiman; *Si Kabayan jadi Milyuner* (2010) disutradaraan ku Guntur Soeharjanto; jeung *Si Kabayan Sekolah Lagi* (2016) disutradaraan ku Deni Pusung; (5) series kartun/animasi *Kabayan Liplap* anu diproduksi ku Castle Production sarta kungsi dipidangkeun di TVRI Nasional, sarta animasi-animasi lianna dina kanal *youtube*; (6) dina wangun seni pagelaran, contona *Gending Karesmen Si Kabayan* anu diproduksi ku Yayasan

Cangkurileung Mang Koko, Longsér *Kababayan Ingin Ngetop* (2013), *Kabayan Sinta Juliana Yusup*, 2023

BABANDINGAN DONGÉNG SI KABAYAN JEUNG CARITA ABU NAWAS (Ulukan Struktural Jeung Hermeneutik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

dan Gadis Kota (2016), *Kabayan* (2017), dina acara OVJ Trans7 jeung judul-judul lianna.

Nurutkeun Rosidi (2009) *saking* populér jeung dipikaresepna dongéng Si Kabayan téh réa pisan vérsina. Salian ti anu geus ditalungtik atawa dikumpulkeun laju dipedalkeun, di masarakat jumlahna sok nambahan waé, utamana sok aya jalma-jalma anu ngamangpaatkeun tokoh Si Kabayan dina heureuyna, dina nyindirna, atawa dina mapagahanna. Dina dunya seni, nurutkeun Sumardjo (2015) dongéng jeung tokoh Si Kabayan aya dina posisi anu dipikacinta ku masarakat Sunda, nepi ka Si Kabayan meunang gelar tokoh *iconic* ti Sunda.

Sabada mikanyaho rupa-rupa transformasi tina dongéng Si Kabayan jeung carita Abu Nawas, tangtu bisa dicindekkeun yén éta karya sastra anu dua téh bisa dikatégorikeun minangka karya babon nu poténsial. Ku kituna, saluyu jeung hal-hal anu geus ditataan saméméhna, dilaksanakeunna ieu panalungtikan dianggap miboga urgenitas nu cukup penting jeung unik pikeun panalungtikan kritik sastra. Bébédan karakter Si Kabayan jeung Abu Nawas anu patukang tonggong nimbulkeun *stereotype* anu kurang hadé keur tokoh Si Kabayan.

Anggapan atawa asumsi di luhur antukna nimbulkeun patalékan jeung alesan diulikna ieu panalungtikan, nyaéta: (1) kumaha bébédan jeung sasaruuan antara karakter Si Kabayan jeung Abu Nawas dina nyanghareupan hiji hal, (2) kumaha nyikepan jeung ngamana'an dongéng Si Kabayan sangkan teu salah tapsir; (3) kumaha nyangking kasatataan dina amanat atawa pesen dongéng Si Kabayan jeung carita Abu Nawas sangkan sarua positip tur ngahibur; sarta (4) kumaha carana sangkan bisa nyangking ajén positip saupama urang rék maca karya dina wangun dongéng, utamana dongéng-dongéng buhun.

Objék utamana dina ieu panalungtikan nyaéta dongéng-dongéng dina buku *Si Kabayan* (2013) anu ditulis ku M.O Koesman jeung carita dina buku *Abu Nawas Saémbara* (2018) anu ditulis ku Rachmat M. Sas. Karana. Teeuw (1983) nétélakeun dina bukuna *Membaca dan Menilai Sastra*, yén dina kagiatan maca jeung ngajén karya sastra téh kudu ngaliwatan tilu hal, nyaéta nurutkeun kana kode basana, kode budayana, jeung kode has sastrana. Dina objék panalungtikan anu diulik, kode basa dina dongéng Si Kabayan jeung carita Abu Nawas nyaéta basa Sunda. Bédana, dina dongéng Si Kabayan mah basa Sunda anu dipaké téh basa loma, ari dina dongéng

Sinta Juliana Yusup, 2023

BABANDINGAN DONGÉNG SI KABAYAN JEUNG CARITA ABU NAWAS (Ulukan Struktural Jeung Hermeneutik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Abu Nawas mah basa lemes. Satuluyna, kode budaya anu kapanggih dina objék panalungtikan béda, lantaran béda jaman jeung béda témpat. Dina dongéng Si Kabayan kapanggih sababaraha budaya nu mangrupa pakasaban urang lembur di tatar Sunda, sedengkeun dina dongéng Abu Nawas mah kapanggih budaya saémbara jeung ngaroris wilayah kakawasaan, sarta budaya-budaya lianna. Pamungkas dina kode has sastra dongéng Si Kabayan jeung carita Abu Nawas disusun minangka kritik teu langsung, boh ka dirina sorangan atawa ka pihak lain kalawang ngagunakeun gaya basa tinangtu, tapi ilahar dipaké dina waktu jeung tempat nu luyu.

Lantaran aya dua karangan anu béda, ieu panalungtikan baris ngulik babandingan sastrana. Sangkan ngadukung analisisna aya dua pamarekan anu dipaké dina ieu panalungtikan, nyaéta pamarekan sastra bandingan pikeun nyangking babandingan dumasar kana struktur carita anu diwatesanan ku téma jeung fakta carita (palaku jeung watekna, galur, jeung latar) dumasar kana tiori Robert Stanton, ogé babandingan interprétasi hermeunetik anu nyoko kana palsapah pancacuriga.

Can réa panalungtikan anu ngaguar babandingan interprétasi ngaliwatan palsapah hermeneutik téh. Sanajan kitu, aya sababaraha panalungtikan anu méh sawanda jeung judul ieu panalungtikan, di antarana: (1) “Cerita Si Kabayan: Transformasi, Penciptaan, Makna, dan Pungsi” ku (Durachman, 2008), (2) “Edisi Teks dan Analisis Naskah: Kritik Sosial dalam Hikayat Abu Nawas BR 429” ku Retno (2008), (3) “Si Kabayan: Ulikan Sosial-Kultural” ku Isnendes (2010), (4) “*Dongeng Si Kabayan Dalam Kehidupan Masyarakat Sunda (Kajian Watak dan Nilai Palsapah Hidup) ku Budiman (2013)*, (5) “Makna dan Pungsi Humor dalam Kumpulan Cerita Abu Nawas” ku Asyura & Effendy (2014), (6) “Rumpaka Kawih Kliningan Gamelan Klasik Cicih Cangkurileung (Tilikan Struktural, Sémiotik, jeung Étnopédagogik)” ku Patria taun 2016, (7) “Dongéng Si Kabayan Karangan M.O. Koesman pikeun Bahan Pangajaran Maca Dongéng di SMA” ku Faryono (2017), (8) “Babandingan Struktur Dongéng Nini Antéh jeung Carita Drama Antéh pikeun Bahan Pangajaran Maca Dongéng Kelas VII SMP (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik)” ku Pandani (2019), (9) “Dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* Karya Wahyu Wibisana jeung Dongéng *Budak Pahatu Lalis* Karya Ki Umbara pikeun Sinta Juliana Yusup, 2023

BABANDINGAN DONGÉNG SI KABAYAN JEUNG CARITA ABU NAWAS (Ulikan Struktural Jeung Hermeneutik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Bahan Ajar Maca Dongéng di Kelas VII SMP : Ulikan Struktural jeung Sastra Bandingan” Rahayu (2022); jeung (10) “Ma’na Komunikasi Naratif pada Cerita Si Kabayan Ngala Tutut sebagai Cerminan Karakter Masyarakat Sunda pada Umumnya” ku Catalina (2022).

Béda jeung panalungtikan-panalungtikan saméméhna, ieu panalungtikan baris ngabandingkeun tokoh Si Kabayan jeung Abu Nawas ngaliwatan carita-caritana dina jihad analisis interprétasi ma’na pikeun nyangking kasatataan karakter tokoh. Tokoh carita anu jadi objék panalungtikan dianggap miboga karakter anu béda, malah nepi ka patukang tonggong. Salian ti éta, réréana masarakat nu maca atawa anu ngabandingan dongéng téh leuwih fokus kana punksi dongéng minangka hiburan hungkul. Ku kituna, ieu panalungtikan dianggap penting pikeun ngainterprétasi maksud tina dongéng anu keur dicaritakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasangtukang anu geus ditataan, pasulan dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina rumusan masalah.

- 1) Kumaha struktur dongéng *Si Kabayan* (2013) anu ditulis ku M.O Koesman jeung carita *Abu Nawas Saémbara* (2018) anu ditulis ku Rachmat M. Sas Karana?
- 2) Kumaha ma’na hermeneutik tina dongéng *Si Kabayan* (2013) anu ditulis ku M.O Koesman jeung carita *Abu Nawas Saémbara* (2018) anu ditulis ku Rachmat M. Sas Karana?
- 3) Kumaha babandingan struktur jeung ma’na hermeneutik tina dongéng *Si Kabayan* (2013) anu ditulis ku M.O Koesman jeung carita *Abu Nawas Saémbara* (2018) anu ditulis ku Rachmat M. Sas Karana?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Saluyu jeung masalah anu geus dipedar saméméhna, ieu panalungtikan miboga tujuan anu baris dihontal, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan saluyu jeung kasangtukangna nyaéta néangan babandingan citra karakter tokoh Si Kabayan jeung Abu Nawas, méré gambaran pikeun nyangking kasatataan interprétasi antara dongéng Si Kabayan jeung Abu Nawas, tur sangkan anu maca atawa anu ngabandingan bisa ngalenyapan ma'na luhung anu nyangkaruk dijero dongéngna.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan keur ngadéskripsikeun:

- 1) kumaha struktur dongéng *Si Kabayan* (2013) anu ditulis ku M.O Koesman jeung carita *Abu Nawas Saémbara* (2018) anu ditulis ku Rachmat M. Sas Karana,
- 2) kumaha ma'na sacara hermeneutik tina dongéng *Si Kabayan* (2013) anu ditulis ku M.O Koesman jeung carita *Abu Nawas Saémbara* (2018) anu ditulis ku Rachmat M. Sas Karana, sarta
- 3) kumaha babandingan struktur jeung ma'na sacara hermeneutik tina dongéng *Si Kabayan* (2013) anu ditulis ku M.O Koesman jeung carita *Abu Nawas Saémbara* (2018) anu ditulis ku Rachmat M. Sas Karana.

1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa nambahan référénsi dina ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan karya kritik hasanah kasusastraan Sunda hususna dina widang babandingan struktur jeung interprétasi ma'na, tur méré sawangan kana diangkatna citra karakter Si Kabayan sangkan sarua satata jeung Abu Nawas.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa dimangpaatkeun minangka:

- 1) bahan tinimbangan keur panalungtikan satuluyna;
- 2) bahan keur ngalatih prosés mikir ilmiah;

Sinta Juliana Yusup, 2023

BABANDINGAN DONGÉNG SI KABAYAN JEUNG CARITA ABU NAWAS (Ulukan Struktural Jeung Hermeneutik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 3) média informasi dina raraga nambahan pangaweruh hususna masarakat pamaca, boh masarakat biasa boh masarakat kalangan akademis; sarta
- 4) jadi salah sahiji rawayan anu ngantengkeun hubungan antara karya sastra buhun jeung masarakat nu maca patali jeung maham karya sastra.

1.5 Raraga Tulisan

BAB I Bubuka, ieu bab medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

BAB II Ulikan Tiori, ieu bab medar tiori-tiori anu dipaké dina ieu panalungtikan, nyaéta tiori ngeunaan prosa (pokus kana dongéng jeung carita), sastra bandingan, struktural (téma jeung fakta), hermeuneutika, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

BAB III Méthode Panalungtikan, ieu bab medar ngeunaan métodologi panalungtikan anu dipaké, anu dipedar dina désain panalungtikan, data jeung sumber data, téknik ngumpulkeun data, jeung instrumén panalungtikan.

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, ieu bab medar sagemlengna hasil tina analisis panalungtikan anu geus dilaksanakeun. Ieu bab medar ngeunaan sktruktural patali jeung téma ogé fakta carita dina dongéng Si Kabayan jeung Abu Nawas, interpétasi hermeneutik dina dongéng Si Kabayan jeung Abu Nawas, sarta babandingan struktur jeung hermeneutik dongéng Si Kabayan jeung carita Abu Nawas.

BAB V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, ieu bab mangrupa bagéan ahir tina ieu skripsi. Kacindekan eusina mangrupa ringkesan tina sakabéh hasil panalungtikan, sedengkeun implikasi jeung rékoméndasi eusina mangrupa ébréhan ti nu tulis keur nu maca sangkan panalungtikan ka hareupna bisa leuwih hadé.

